

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, aya opat aspék kaparigelan basa, nyaéta 1) kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*); 2) kaparigelan maca (*reading skills*); 3) kaparigelan nulis (*writing skills*); jeung 4) kaparigelan nyarita (*speaking skills*). Kaparigelan nulis mangrupa hiji kaparigelan anu kompleks dibandingkeun kaparigelan anu séjén. (Tarigan, 2013, kc. 1)

Kaparigelan nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa nu kudu dikawasa ku siswa. Sababaraha ahli nétélakeun wangenan nulis, nurutkeun (Saleh Abbas, 2006, kc.125) kaparigelan nulis mangrupa kamampuh ngébréhkeun gagasan, pamadegan, jeung pangrasa ka pihak séjén ngaliwatan basa tulis. Nurutkeun (Husna, 2014, kc. 6) nulis mangrupa hiji kagiatan nepikeun pesen atawa komunikasi maké média basa dina wangun tulisan anu didasaran ku pangaweruh jeung kaédah-kaédah kabasaan. Ku kituna, nulis miboga tujuan salaku alat komunikasi dina wangun tulisan. Unggal jinis tulisan tangtuna miboga tujuan.

Dina pangajaran basa Sunda ogé tangtu miboga tujuan sangkan siswa bisa kréatif jeung parigél dina ngagunakeun basa Sunda, boh dina wangun lisan boh dina wangun tulisan. Ku kituna, kaparigelan basa hususna kaparigelan nulis téh kacida pentingna dina pangajaran basa Sunda di sakola. Pangajaran téks laporan kagiatan téh mampuh ngalatih siswa dina nyusun laporan kagiatan anu luyu jeung sawatara hal anu karandapan di lapangan.

Kagiatan nulis laporan kagiatan dianggap minangka kagiatan anu hésé. Ieu hal téh katitén tina hasil wawancara jeung guru basa Sunda di SMA Kartika XIX-2 Bandung, Imas Masitoh nétélakeun yén aya sababaraha hal anu ngabalukarkeun siswa ngarasa hésé dina nulis laporan kagiatan téh nya éta: (1) kurangna kamampuh jeung pangaweruh siswa kana kosa kecap basa Sunda, (2) kurangna kamampuh siswa dina ngamekarkeun ide ogé kalimah-kalimah anu merenah sangkan bisa jadi paragraf, jeung (3) kurangna kamampuh siswa dina ngagunakeun tanda baca ogé éjahan anu bener.

Nulis mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salasahiji kompetensi dasar nu aya di SMA/MA kelas X dina Kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda SMA/SMK/MA/MAK Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017, K.D 4.3 *Menulis laporan kegiatan dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan*. Jadi, siswa kelas X diperedih bisa nulis laporan kagiatan ku cara merhatikeun struktur jeung aspék kabasaan.

Dumasar kana kompetensi dasar diluhur, nulis laporan kagiatan ku cara merhatikeun struktur jeung aspék kabasaan luyu jeung tujuan pangajaranana 1) siswa bisa maca conto laporan kagiatan 2) siswa bisa ngabédakeun antara laporan kagiatan jeung karangan nu séjénna 3) siswa bisa nyieun rarancang jeung nyusun laporan kagiatan, jeung 4) siswa bisa menerkeun sarta ngaévaluasi hasil laporan kagiatan nu dipigawé antara babaturanna. Hal ieu nétélakeun yén kompetensi dasar anu medar ngeunaan nulis laporan kagiatan ku cata merhatikeun struktur jeung aspék kabasaan téh luyu jeung tujuan pangajaranna.

Dina lumangsungna kagiatan diajar-ngajar, proses pangajaran di sakola anu kurang optimal ogé teu luyu jeung materi pangajaranna sabab ngagunakeun métode ceramah anu antukna siswa kurang aktif jeung kurang kairut kana matéri pangajaran nulis laporan kagiatan. Dumasar kana éta pasualan, sangkan siswa leuwih parigel deui dina nulis laporan kagiatan, dina proses pangajaran di sakola perlu ngagunakeun modél pangajaran anu éféktif nu matak ngirut siswa sangkan leuwih aktif, kreatif, ogé resep diajar hususna dina nulis laporan kagiatan. Ku sabab kitu, kudu aya model pangajaran pikeun ngungkulan éta pasualan salasahijina nyaéta modél pangajaran *Round Table*.

Sacara téoritis nurutkeun Mccafferty (2006, kc. 43) modél pangajaran *Round Table* mangrupa kagiatan nulis anu ngalarapkeun pangajaran ku cara nunjuk unggal anggota kelompok pikeun partisipasi sacara giliran dijéro kelompokna dina meja ngabuleud atawa diuk ngabuleud. Modél pangajaran *Round Table* dina prak-prakanna ngabagi siswa kana sababaraha kelompok sacara hétérogén pikeun matotoskeun pasualan. Unggal kelompok dieusi ku 5-6 siswa. Siswa nu miboga kamampuh leuwih dina nulis dikelompokkeun jeung siswa nu kurang mampuh.

Hasil tulisan anu geus dijieun ku siswa, tuluy diévaluasi jeung dibéré arahan pikeun ngahontal tujuan pangajaran nu dipiharep (Rahman, 2019, kc. 2).

Antukna, modél *Round Table* dipiharep bisa 1) silih rojong jeung gawe bareng di sakabeh anggota kelompokna dina matotoskeun pasualan, 2) siswa komunikasi anu pikaresepeun antar babaturanna, 3) siswa komunikasi jeung siswa séjénna boh anggota kelompokna sorangan boh anggota kelompok séjénna silih bantuan sangkan siswa ngahontal kaparigelan sosial, ngawangun karakter, jeung *kacerdasan emosional*, 4) siswa jadi leuwih sopan dina gawe bareng sabab siswa mampuh narima jeung maham kana pamadegan anu beda, 5) siswa mekarkeun sakabéh kaparigelan akademikna lain ngan saukur kamampuh nulis hungkul, jeung 6) siswa bisa komunikasi pikeun silih ngabagi ide atawa gagasan di kelompokna (Kagan, 2011, kc. 34).

Sacara empiris modél *Round Table* téh kungsi ditalungtik ku sababaraha panalungtik. Salasahijina dilaksanakeun ku Ajeng Fatiyah Azahra taun 2020, anu judulna “Modél *Round Table* Dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI AV-1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2019/2020)”. Hasil panalungtikan saméméh di dibéré *treatment* masih kagolong can mampuh, katitén dina hasil rata-rata peunteunna nyaéta 61,4. Sabada dibéré *treatment* kagolong geus mampuh, katitén dina hasil rata-rata peunteunna nyaéta 82. Jadi, modél pangajaran *Round Table* dina pangajaran nulis carita pondok téh cocog atawa éféktif.

Panalungtikan modél *Round Table* ogé kungsi dilaksanakeun ku Rani taun 2017, anu judulna “Modél Pangajaran *Round Table* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Ékspérimén ka siswa kelas VIII H SMPN 5 Bandung Taun Ajar 2016/2017). Hasil panalungtikan saméméh dibéré *treatment* masih kagolong can mampuh, katitén dina hasil rata-rata peunteunna nyaéta 66,5. Saba dibéré *treatment* kagolong geus mampuh, katitén dina hasil rata-rata peunteunna nyaéta 84,5. Jadi, kamampuh siswa ngagunakeun modél pangajaran *Round Table* dina pangajaran nulis sisindiran téh cocog atawa éféktif.

Lian ti éta, modél pangajaran round tabel ogé aya dina pangajaran séjénna. Dina pangajaran nulis ringkesan di kelas V ku Erlina Wibowo taun 2023, anu

judulna “*Penerapan Model Pembelajaran Kooperatif Tipe Round Table Untuk Meningkatkan Keterampilan Menulis Ringkasan Siswa Kelas V Sekolah Dasar*”. Hasil panalungtikan saméméh di dibéré *treatment* masih kagolong can mampu, katitén dina hasil rata-rata peunteunna nyaéta 67,5. Sabada dibéré *treatment* kagolong geus mampu, katitén dina hasil rata-rata peunteunna nyaéta 85. Jadi, kamampuh siswa ngagunakeun modél pangajaran *Round Table* dina pangajaran nulis ringkesan téh cocog atawa éféktif.

Dumasar hasil panalungtikan saméméhna, kapanggih nilai rata-rata aya beda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* dina kamampuh siswa saméméh jeung sabada dibéré *treatment*. Bédana tina panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan ngalarapkeun modél pangajaran *Round Table* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis laporan kagiatan.

Panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Round Table* lain panalungtikan nu munggaran. Aya sababaraha panalungtikan anu nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Round Table* nyaéta Ajeng (2020), Rani (2017) jeung Erlina (2023) anu ngabahas ngeunaan modél pangajaran *Round Table*. Sasaruana dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun modél pangajaran *Round Table* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis. Bédana jeung panalungtikan ieu nyaéta saacanna can aya nu ngagunakeun modél pangajaran *Round Table* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis laporan kagiatan.

Lumangsungna pangajaran nulis laporan kagiatan sangkan bisa kacangking ku siswa kalawan hasil anu hadé diperlukeun modél pangajaran anu cocog. Modél pangajaran *Round Table* mangrupa modél pangajaran anu cocog pikeun ngungkulan pasualan anu karandapan ku siswa dina nulis laporan kagiatan. Sabab modél pangajaran *Round Table* béda jeung modél pangajaran kelompok lianna. Dina modél pangajaran *Round Table* siswa nu miboga kamampuh leuwih dina nulis di kelompokkeun jeung siswa nu kurang mampu.

Dumasar kana pedaran di luhur éta hal anu matak ngarojong kana panalungtikan kahareupna. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “*Modél Round Table* dina Pangajaran Nulis Laporan Kagiatan (Studi Kuasi Éksperimen ka

Siswa Kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 Taun Ajar 2023/2024)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan diidéntifikasi ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis laporan kagiatan siswa kurang maksimal dina ngaidéntifikasi wangun, struktur, eusi, aspek kabasaan dina nyusun téks laporan kagiatan sangkan luyu jeung struktur téks sarta unsur kabasaan.
- 2) Modél pangajaran di sakola teu variatif, ngabalukarkeun siswa kurang sumanget ogé ngirut dina nyanghareupan pangajaran nulis téks laporan kagiatan anu antukna mangaruhan kana kahontalna tujuan pangajaran nu dipiharep.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah diluhur dirumuskeun masalah dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 dina nulis teks laporan kagiatan saméméh ngangunakeun modél pangajaran *Round Table*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 dina nulis teks laporan kagiatan sabada ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 dina nulis teks laporan kagiatan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tangtu sagala kagiatan miboga tujuanna séwang-séwangan, kitu deui dina ieu panalungtikan. Luyu jeung pasualan nu geus dirumuskeun saacanna, tujuan umum ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji kaéfektifan modél pangajaran *Round Table* dina nulis laporan kagiatan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho, nganalisis, tur ngadéskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis teks laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*;
- 2) kamampuh nulis teks laporan kagiatan siswa kelas kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*; sarta
- 3) aya atawa henteu bédana kamampuh nulis teks laporan kagiatan siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran *Round Table*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat sacara Tioritis

Sacara téoritis ieu panalungtikan tëh dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran *Round Table* dina pangajaran laporan kagiatan. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan literatur modél pangajaran di sakola anu tujuanna pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nulis siswa, sarta bisa ngaronjatkeun minat sangkan leuwih resep diajar basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat sacara Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun :

- 1) Pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh nulis laporan kagiatan.
- 2) Pikeun guru, bisa méré implengan *alternatif* modél pangajaran anu cocog dipaké dina pangajaran nulis laporan kagiatan.
- 3) Pikeun panalungtik, bisa méré pangaweruh nu lengkep kumaha nangtukeun model pangajaran *Round Table* saméméh jeung sabada panalungtikan, jeung bisa jadi salasahiji metodé anu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

1.5 Struktur Raraga Skripsi

BAB I Bubuka, ieu bab ngadéskripsikeun kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ieu bab ngadéskripsikeun tiori-tiori anu digunakeun ngawengku tiori modél pangajaran, tiori modél *Round Table*, nulis, téks laporan kagiatan, jeung modél *Round Table* dina pangajaran nulis laporan kagiatan. Salian ti éta, BAB II ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode panalungtikan, ieu bab ngadéskripsikeun désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV Hasil panalungtikan, ieu bab ngadéskripsikeun kamampuh nulis téks laporan kagiatan siswa saméméh ngagunakeun modél *Round Table*, kamampuh nulis téks laporan kagiatan siswa sabada ngagunakeun modél *Round Table*, jeung bédana anu signifikan antara kamampuh siswa kelas X IPA 2 SMA Kartika XIX-2 dina nulis teks laporan kagiatan saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Round Table*

BAB V Kacindekan jeung rékoméndasi, ieu bab mangrupa bab panutup anu eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi, anu dipiharep bisa méré mangpaat keur anu macana.